**दिन– बुधवार** **दिनांक–29.10.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधि– 05 मिनट

---

विधानसभा चुनाव के लऽकऽ एनडीए आओर महागठबंधनक प्रचार–प्रसार अभियान औरो तेज भऽ गेल अछि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर केंद्रीय गृह मंत्री अमित शाह आइ दरभंगाक अलीनगर मे चुनावी जनसभा के संबोधित कयलनि। श्री शाह जनौलनि जे चुनाव मे एनडीएक पांच पांडव एकजुट भऽकऽ चुनाव लड़ि रहल अछि। श्री शाह विपक्ष पर प्रहार करैत जनौलनि जे बिहार मे मुख्यमंत्री आओर केंद्र मे प्रधानमंत्री पदक कोनो वैकेंसी खाली नहि अछि। अलीनगर विधानसभा क्षेत्र सँ भाजपा प्रत्याशी मैथिली ठाकुरक समर्थन मे सभा के संबोधित करैत श्री शाह राजद आओर कांग्रेस पर वंशवाद के बढ़ावा देबाक आरोप लगौलनि और लोकसभ सँ एनडीए के एक बेर फेर जितेबाक आग्रह कयलनि। श्री शाह महागठबंधन पर आरोप लगबैत जनौलनि जे ई गठबंधन मात्र सत्ता हांसिल करबाक लेल बनल अछि। ई गठबंधन के लोकसभक विकास सँ कोनो मतलब नहि अछि। एम्हर, अलीनगर सँ भाजपा प्रत्याशी मैथिली ठाकुर जनौलनि जे ओ भाग्यशाली अपना के मानैत छथि, जे भाजपा नेतृत्व हुनका ई पैघ मौका देलक अछि।

---

ओतहि, भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह दरभंगाक हायाघाट मे चुनावी सभा के संबोधित करैत भाजपा प्रत्याशी रामचंद्र प्रसाद के जितेबाक लेल जनौलनि। उत्तर प्रदेशक मुख्यमंत्री योगी आदित्यानाथ सीवान जिलाक रघुनाथपुर मे एक सभा के संबोधित करैत आरोप लगौलनि जे राजद –कांग्रेसक शासनकाल मे राज्यक विकास रूकि गेल छल। श्री आदित्यनाथ जनौलनि जे बिहारक एनडीए सरकार सभ वर्गक विकास लेल खदिखन काज कयलक अछि। एम्हर, जदयूक वरिष्ठ नेता आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ अपन गृह जिलाक नालंदाक बिहारशरीफ विधानसभा क्षेत्रक सरबहदी उच्च विद्यालय मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। श्री कुमार जनौलनि जे विपक्षी गठबंधन लोकसभ के भ्रमित करय चाहैत अछि। ओ हिलास आ राजगीर विधानसभा क्षेत्र मे सेहो रैली के संबोधित कयलनि। कांग्रेसक वरिष्ठ नेता आओर लोकसभा मे नेता प्रतिपक्ष राहुल गांधी आइ मुजफ्फरपुर सँ महागठबंधन लेल अपन चुनाव अभियान शुरू कयलनि। ओ जिलाक सकरा मे

सभा के संबोधित करैत जनौलनि जे महागठबंधन सरकार बनला पर राज्यक युवा सभ लेल रोजगारक मौका बढ़ाओल जायत। एहि मौका पर राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव जनौलनि जे महागठबंधनक सरकार बनला पर हरेक परिवारक एक सदस्य के सरकारी नोकरी देबाक लेल अधिनियम बनाओल जायत।

———————————————————————————

ओतहि, राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव जनौलनि जे महागठबंधन अपन घोषणा पत्र मे पांच बरख मे एक विकसित बिहारक रूप–रेखा देखौलक अछि। श्री यादव जनौलनि जे महागठबंधनक सरकार बनला पर युवा, महिला आओर किसान सभक विकास लेल विशेष काज कयल जायत।

———————————————————————————

निर्वाचन आयोग प्रदेशक सात लाख सँ बेसी दिव्यांग आओर वरिष्ठ नागरिक सभ के हुनक घर पर मतदानकर्मी के पठाकऽ भोट देबाक सुविधा दऽ रहल अछि। पटनाक जिला निर्वाचन पदाधिकारी सह–जिलाधिकारीक डॉक्टर त्याग राजन एस. एम. जनौलनि जे आइ आओर काल्हि जिलाक सभ पचासी बरख सँ बेसी उमरिक मतदाता आओर दिव्यांग मतदाता सभ घरे सँ भोट खसा सकताह। श्री त्याग राजन जनौलनि जे एहि लेल पचहत्तरि मोबाईल मतदान टीम आओर चौदह सुरक्षित टीम बनाओल गेल अछि।

———————————————————————————

पटना हाईकोर्टक कार्यकारी मुख्य न्यायाधीश सुधीर सिंह काल्हि न्यायाधीश संजय कुमार सिंह के पटना हाईकोर्टक न्यायाधीशक रूप मे शपथ दियौताह। न्यायाधीश संजय कुमार सिंह इलाहाबाद हाईकोर्ट सँ बदलि भऽकऽ पटना अयलाह अछि।

———————————————————————————

पूर्व मध्य रेलवे छठि पावनिक बाद लौटयवला यात्री सभक सुविधा लेल आइ सँ चौहत्तरि विशेष ट्रेन शुरू कयलक अछि। रेलवे अनुसार पटना, दानापुर, बरौनी, भागलपुर आओर मुजफ्फरपुर सहित कतेको स्टेशन सँ विशेष ट्रेन खुजत। रेलवे बिहार आओर पूर्वांचलक तीस सँ बेसी पैघ–पैघ स्टेशन पर विशेष होल्डिंग एरिया बनौलक अछि।

———————————————————————————

मिथिलाक प्रसिद्ध लोक पर्व सामा–चकेबा आइ सँ शुरू भऽ गेल। ई पावनि भगवान श्रीकृष्ण आओर जाम्बतीक बेटी सामा आओर हुनक भाई चकेबा सँ जुड़ल अछि। ई पावनि मे

बहिन अपन भाईयक बेसी उम्रक कामना लेल पूर्णिमा धरि सामा–चकेबा खेलैत छथि। ई पावनि छठि महापर्व के संपन्न भेलाक बाद शुरू होयत अछि। एहि मे बहिन माटिक मूर्ति बनाकऽ अपन भाईकक सुरक्षा लेल विनती करैत छथि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ एफएम रेनबो पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।